

# MODÈL RÈGLEMAN SOU FIMEN NAN BILDING MOUN RETE YO

Adrès bilding/pwopriyete a: \_\_\_\_\_

Pa gen okenn nivo ekspozisyon a lafimen lòt moun k ap fimen ki pa gen danje. Granmoun yo ki ekspoze a lafimen lòt moun k ap fimen gen pi gwo risk pou gen estwok, maladi kè ak kansè poumon. Timoun ki ekspoze a lafimen lòt moun k ap fimen gen plis risk atak opresyon, maladi respiratwa, maladi zòrèy mwayèn ak sendwòm lanmò sibat tibebe (SIDS). Poutèt rezon sa yo, ak pou ede moun pran desizyon ki enfòmè sou kote pou viv, Vil New York egzije pwopriyete bilding kote moun abite yo (ki refere nan règleman sa kòm "Pwopriyete/Manadjè", ki gen ladann pwopriyete dosye, vandè, manadjè, mèt kay, nenpòt ajan oswa pati k ap kòmande) nan bilding ki gen twa (3) oswa plis inite pou moun abite yo pou kreye yon règleman sou fimen epi pataje li ak lokatè yo. Règleman bilding nan sou fimen an aplike a nenpòt moun ki sou pwopriyete a, sa gen ladann envite yo.

## Definisyon

- a. **Fimen:** rale, pouse, boule oswa pote nenpòt siga, siga ki limen, sigarèt, ti siga, pip, nagile oswa ouka, sigarèt a baz zèb, pwodui fimen ki pa tabak (tankou mariwana oswa chicha ki pa tabak) oswa nenpòt fòm ki sanble yon bagay ki limen oswa aparèy ki fèt pou moun pou itilize pou rale lafimen
- b. **Sigarèt elektwonik** (e-cigarette): yon aparèy ki fonksyone ak batri ki chofe yon likid, jèl, zèb oswa lòt sibstans epi ki pwodui vapè pou moun ka rale

## Lwa ki Entèdi Fimen nan Espas Piblik Fèmen

Lwa Vil New York la entèdi fimen ak itilize sigarèt elektwonik kèlkeswa kalite a nan espas komen ki fèmen yo, sa gen ladann men pa limite ak, vestibil, ale, eskalye, sal kourye lapòs yo, zòn aktivite fizik yo, zòn depo yo, garaj ak sal lesiv yo nan nenpòt bilding ki gen twa (3) oswa plis inite pou moun rete. NYC Admin. Kòd, § 17-505.

## Règleman sou fimen

Fimen pa otorize nan espas ki tcheke anba yo (tcheke tout kazye ki aplike yo). *Menmsi pa gen okenn kazye ki tcheke, Lwa ki Entèdi Fimen nan Espas Piblik Fèmen yo entèdi fimen pwodui tabak oswa pwodui ki pa tabak ak itilize sigarèt elektwonik nan espas komen ki fèmen yo.*

- Anndan inite moun rete yo\*
- Andeyò espas ki fè pati inite moun rete yo, sa gen ladann balkon, lakou ak galri yo
- Espas komen ki deyò yo, sa gen ladann espas jwèt, do kay, espas pisin, espas pakin yo ak balkon ki pataje yo, lakou, teras galri oswa jaden yo
- Deyò nan entèval 15 pye ak antre, soti, fenèt ak inite kote lè antre yo nan lakou pwopriyete a
- Lòt zòn/eksepsyon:

- 
- \* Inite ki gen lwaye estabilize ak lwaye kontwole yo ka egzante de règleman ki entèdi fimen anndan inite moun rete yo amwenske lokatè aktyèl yo bay konsantman alekri pou règleman an.

# MODÈL RÈGLEMAN SOU FIMEN NAN BILDING MOUN RETE YO

## **Pwosedì pou Plent**

Plent yo sou deriv ki genyen nan fimen anndan yon inite kote moun abite oswa nan espas komen yo dwe fèt touswit bay Pwopriyetè/Manadjè ki dekri isit la

\_\_\_\_\_. Plent yo dwe fèt alekri epi dwe osi espesifik ke posib, sa gen ladann dat, lè apwoksimatif, lokal kote yo te obsève fimen an, adrès bilding nan, deskripsyon ensidan an ak sous lafimen ki evidan.

---

## **Rekonesans ak Siyati:**

Mwen te li règleman sou fimen ki dekri anwo a epi mwen konprann règleman an aplike a pwopriyete a. Mwen dakò pou respekte règleman ki dekri anwo a.

Pou inite pou lwe yo, mwen konprann ke si mwen vyole règleman sou fimen an, li ap konsidere kòm yon vyolasyon kontra a. Pou ko-pwopriyete yo, koperativ oswa lòt inite ki gen mèt yo, mwen konprann ke yo ka trete vyolasyon règleman sou fimen an dapre lwa ki reji bilding nan.

Non Pwopriyetè/Manadjè a an lèt detache \_\_\_\_\_

Siyati Pwopriyetè/Manadjè a \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Non lokatè a an lèt detache \_\_\_\_\_

Siyati lokatè a \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_